


CHIRATIDZO CHEPAMUSORO

 [Hama Neville vanoti, “. . . zvibereko zvakaunzwa naMwari kwatiri kuburikidza neshumiro yenyu uye nerudo. Apo, panguva ino, tinoda kuzviratidza, nenzira duku, nekupa kwamuri chipo chiduku.”—Mupepeti] Ndinokutendai, Hama Neville. [“Dai maropafadzo aMwari azorora pamusoro penyu, hama inodiwa.”] Maita henyu, zvikuru, Hama Neville.

² Zvakare ndinokutendai, chechi. Handisi kungoziva chete zviri mukati macho. Asi ndinotenda, nemoyo wangu wese, zvose zvamakareva kwandiri, nezvinhu zvamakandiitira. Uye dai pasina imi, pangadai pasina ini. Dai pasina mumwe munhu anotenda Mharidzo yandinopihwa naMwari kuti ndiparidze, zvingadai zvisina basa rekuti ndigoIparidza. Panofanirwa kuva nevaviri vedu, tichishanda pamwe chete. Saka, ndinozvikoshesa zvakananyanya.

³ Chechi yedu yagara nguva dzose, yakarerekera, ipo pakati pedu pano, kumaitiro anosetsa. Zvino, pandapinda, nguva shoma yapfuura, mukamuri yekuseri, mumwe munhu anditambidza pasuru, ndokuti, ndingafambawo here ndichienda papuratifomu kuti ndigopa *iyi* kuna Hama Neville. Mukutenda manzwiro angu kwavari, uye nekuyanana kwechechi ino, uye nezvavakareva kwatiri mugore rino, semufundisi mumakore akapfuura, uye netariro neminamoto yekuti vacharamba vari mufundisi wedu mumakore mazhinji ari kuuya, chiratidzo kubva kuchechi pamwe neni, Hama Neville.

⁴ [Hama Neville vanoti, “Ndinokutendai, zvikuru, imi mose. Mwari vakuropafadzei. Ndinotenda zvechokwadi zvinhu zvine mutsa uye nekubatsira uko kwandakaitirwa zvichibva kune mumwe nomumwe ari mungano. Uye ini zvirokwazvo, mangwanani ano, ndinonzwa pakadzika-dzika mukati memweya wangu kuti newese wekupedzisira wedu tiri kutenda zvikuru kuna Hama Branham nokuda kwezvavanoreva kwatiri, uye neshumiro yavo. Uye dai Mwari vavaita kuti vabudirire uye vavaropafadze pavanenge vachifambira mberi vachiitira Ishe mugore rino, ndiwo munamoto wangu wakaperera. Ndokutendai, zvikuru. Zvirokwazvo ndinochikoshesa. Zvakanaka.”—Mupepeti]

⁵ Vana vadiki, zvakanaka, ndinofunga vadiki vave kuenda kune makamuri avo—avo. [Hama Neville vanoti, “Ndizvozvo.”—Mupepeti] Uye zvino rangarirai, ivai vasikana nevakomana vakanaka chaivo, kunze uko mukamuri iyoyo mangwanani ano. Nekuti, mushure meshumiro, ndinofunga kuti zvinoita sokunge pane chimwe chinhu chamasiirwa pano, chinofadza.

⁶ Zvino, kuvakuru, sezvamuri kuona huwandu hwevechidiki vedu—vedu va—vakawanda kwazvo, takamirira neshungu kusvikira nguva yatingave nechechi itsva yatingagona kupatsanura makirasi iwayo.

⁷ Hanzvadzi yedu Arnold zvechokwadi vane chi—chitsamha; kwete katsamha, asi chitsamha. Uye kasikana kangu kaindiudza. Kakati, “Baba, zvakaomera kwazvo Hanzvadzi Arnold.” Akati, “Nekuti, vanenge vachitaura nesu nemutauro watinonzwisisa, zvino kamwana kadiki kobva kaita chimwe chinhu, zvino vanofanira kumbomira vovagadzirisa, munoona.” Saka zvinoti omeri mudzimai mumwe chete uyu kuva nekirasi yese iyi. Saka tinovayemura, nekubarirana kwavo—kwavo kwakanaka kuti vaite zvavanogona munguva ino ine basa. Ishe vavaropafadze.

⁸ Zvino tiri kutarisira, rimwe zuva, manje-manje, Ishe vachida, kuva netabhanakeri hombe yakanaka umo matichava nemhando dzese dzemakamuri emakirasi eSunday school. Yevana vadiki, ine mifananidzo yekudzidzisa nayo; uye tigova nepamusoro pepurupiti, kumusoro *kweizvi*, nzvimbo huru yevacheche ine girazi kumberi kwayo, uko muchengeti wevana akadzidziswa anenge aripo kuti arere vadiki vese. Hapazove nekukanganisa mushumiro, zvachose, kufamba kana kungombeya-mbeya zvine ruzha. Vadiki ava havana kugadzikana, uye havazvinzwisise. Vanotofanira kuvanzwisisa. Ivo havagone kutinzwisisa. Uye saka, zvino, nzvimbo yekuti zvinhu zvese zvinenge zviri nenzira yandinotenda kuti Ishe vanoda kuti tizviite nayo. Hatizove neinoshamisira, asi chechi yakanaka. Tiri kutarisira kune izvozvo.

⁹ Zvino, pana Hama Neville pamwe neni, ndangova neimwe pfungwa, kuti aya masutu embatya. Handizive, Hama Neville. [Hama Neville vanoti, “Ndizvo, kana chimwe chinhu.”—Mupepeti] Ndi—ndinofunga ndizvo. Handina chokwadi. Nokuti, rinoratidzika sebhokisi resutu, kwandiri. Hamusi kuita manzwiwo mamwe chete here pazviri? Uh-huh. Zvino angangove masutu kana majasi. Uye ndi—ndi... Ose ari maviri anotaridzika zvakafanana, saka zvi—zvinoratidza kuti hapana kusiyaniswa kwevanhu pano. Uye, zvino, ini ndine jasi. Uye ndinoziva kuti ivo—ivo... Harisi jasi. Saka iyo... Imi munayowo, zvakare, saka inofanira kunge iri sutu. Uye ingori... Tinongozvitenda izvi zvakananyanya kwazvo!

¹⁰ Uye ndine chokwadi, kuti, sevafundisi, vafudzi, shoko rokuti *mufundisi* rinoreva “mufudzi, uyo anofudza makwai,” ndine chokwadi chekuti tinotenda kunemi, mumwe nemumwe wenyu, nokuti wanga uri—wanga uri mutsa wenyu nemifungo, nemari, zvaita kuti chipo ichi chigoneke kwatiri mangwanani ano. Uye kuburikidza nenyasha dzaMwari, tiri kutsidza pachedu kuva mufundisi wenyu, kuita zvese zvatnogona kuti tikutungamirirei munzira chaiyo. Pamwe, dzimwe nguva, matauriro atinoita

nezvimwe, zvingave zvakaoma kunzwisisa. Asi tiri kungozviita sevatumamiri, tichiedza kukutungamirirai kuNzvimbo iyo, yokuti, parumuko muchatiyemura zvikuru ipapo. Nekuti, hatina kuzvifunga isu pachedu, mumaitiro epatinenge tichitaura kwamuri, kwete zvepfungwa dzedu, asi kungoedza kuita sekutungamira kungaita Mweya Mutsvene kuti tiite. Uye ndiko kwedu. . . kwagara kuri kushingaira kwedu. Uye tichiri kuedza kuita chinhu chimwe chete, icho chakanaka, kumufundisi pamwe neni.

¹¹ Tinofara kuona kupenya kwezuva. Doc, munin'ina wangu, anga achiti atumira shoko kuna Hama Frankie Weber, kuFlorida, akati, "Havasi voga vanogona kubuda panze paKisimusi vachigeza girazi remberi, remota yavo, vakapfeka shati ine maoko." Anga achitawo zvimwe chete, kuri kudziya zvikuru! Zvino, munoziva Florida inoneta nokupenya kwezuva, rinenge rakatarisa kuFlorida nguva dzese, saka rinofanira kuuya kuIndiana kuti rione kuti zvinhu zvose zviri kufamba sei kumusoro kuno. Hamufungewo sekudaro here? Saka, tinofara kuti ratishanyirawo, kwe—kwenguva ingava shoma hayo, mangwanani ano.

¹² Asi, pamusoro pazvose, tinotenda nokuda kweChiedza cheMwanakomana waMwari, chinotipa kupenya kwemufaro weKusingaperi.

¹³ Hameno kuti mukomana mudiki, achangopinda, angade here kugara nemubereki wake. Kana kuti, kune kirasi yeSunday school kumashure, chikomana, kana uchida kuenda shure uko. Hama Taylor, mungatungamirirawo here karume kadiki aka kukirasi. Zvakanaka. Dzimwe nguva vanofarira kuva nevamwe vavo, munoziva. Ivo, vane zvinhu zvavanowirirana mazviri, izvo zvavanofarira kutaura nezvazvo. Uye zvakangodaro.

¹⁴ Musikana mudiki ane makore gumi nemaviri okuberekwa, sezvandagara ndichitaura, kana ukaona kamusikana kemakore masere, mapfumbamwe, gumi okuberekwa kachingondurudzana naambuya, nguva dzese, pane chakakanganisika. Maona? Pane—pane chisina kumira zvakanaka, nekuti pane musiyano wakakurisa pazera ravo. Munogona kufungidzira kuti, ambuya vane katsapo kezvihwitsi pane imwe nzvimbo, kaanogona kunge achimbonokora. Uye kahanzvadzi kadiki, iwo maziso makuru akavhurirwa tsapo yezvihwitsi. Nekuti, pakuwirirana chaipo, havana chekutaura nezvacho, hapana chimwe kunze kwekungomuita chidhori chavo uye nekumuyemedza. Asi ndizvo zvazviri, uye tinofara kuti ndizvo zvazvingori.

¹⁵ Uye zvino ndiri kuita chitaurwa ichocho, ndakazviita imwe nguva, pakuparidza pamusoro pegwayana nenjiva. Munoono, dzine zvinhu zvadzinowirirana pazviri. Dzinogona kutaura pamusoro pezvinhu.

¹⁶ VeMasonic, Masonic Lodge, vane zvinhu zvekutaura nezvazvo, hama dzeMasons Lodge; hama dzeOdd Fellows Lodge. MaJerimani ane zvinhu, zvekutaura nezvazvo, kumuJerimani, pamusoro pezvekumusha, kana maJerimani asangana kuno, mumwe achangobva kumusha kwavo. MaTariyana ane zvinhu zvekutaura nezvazvo.

¹⁷ Uye Makristu ane zvinhu zvekutaura nezvazvo. Ndosaka tichiungana munzvimbo dzakaita seino, munzvimbo dzeKumatenga muna Kristu Jesu, nekuti tiri vagari veNyika imwe chete. Tiri vafambi nevatorwa pano, panyika ino. Saka tinoda kuungana pamwe chete pamangwanani ano esabata uye nenguva dzemisangano yeminamoto, tichiungana pamwe chete, nekuti tine zvinhu zvatinowirirana pazviri. Tinoda kutaura pamusoro pezvatinowirirana pazviri, zvinhu zvatinowirirana pazviri, zvatinoda: Ishe, kuita kwaVo. Mumwe munhu, mumoyo mavo, vachitsva nechimwe chinhu, Ishe vakavapodza, uye vanongoda kuzviratidza kumusoro uko, “Onai zvakaitwa naShe!” Mumwe munhu akagamuchira ropafadzo guru, uye anongoda kuenda kuchechi, kunoyana pamusoro pemapafadzo aya nemumwewo munhu. Munoono, ndosaka tiine zvinhu zvatinowirirana pazviri.

¹⁸ Zvinoita kwandiri sekuti manzwi ari kufamba zviri nani muchechi, mangwanani ano. Zvinoita sekudaro kwandiri. Handina chokwadi. Pane maungira kwazvo imo muno.

¹⁹ Asi ndinofara kwazvo nezvibereko nerumutsiro rwevhiki yapfuura. Maona? Harwuna kungozunguza muno chete, asi munharaunda, nyika dzakasiyana, takanzwa kubva kwairi, kuti Ishe vakaita zvakanaka. Zvino, kana kungopisa mabhiriji akare, kugadzirisa zvinhu, nekupinda munaShe, takagadzirira kugamuchira maropafadzo; kana nguva shoma iyoyo yakaita izvozo, zvaizova zvakaita sei kuri kunzi takaenderera mberi? Maona? Saka, ngatisazvisiyei zvichifa. Ingorambai muchidururira zvimwe zvinhu, nguva dzese, kudzamara zviratidzo zvechiutsi zvaonekwa pasi rese, kuti Jesu Kristu anorarama, uye pane moto uri kupfuta mumoyo medu.

²⁰ Mushure mekunge ndaita kuzvipira kutsva, ini pachangu, nemudzimai wangu, nevamwe vakadaro, takacherechedza kuti zvinhu zvasiyana zvakananyanya kumba kwedu. Uye hatichisiri kuhuta-huta sezvataive tiri, kudedera nekungosvetuka-svetuka, “Hatizowane *ichi*, uye hatizowani *icho*.” Tinongozviita chinyararire, tobva tatoita zvakatowanda.

²¹ Saka, zvino, kune gore idzva riri kuuya. Uye isu hatitendi mukuvhura mapeji matsva, isu tinongotenda mukupisa ekare acho. Saka chingozvichengeta wakazvitsaurira kuna Mwari nemukati megore rinouya, hatizivi zvatichaitirwa naShe.

²² Asi tinotenda nekuda kwemumwe nemumwe wenyu. Ndinotenda Mwari zvikuru nokuda kwenhengo yese

²⁸ Zvino, tisati tavhura Bhuku, kana kuti kukumbira Mwari kuti VaRivhure patinoRiverenga, ndinoda kutaura chikonzero sei ndiri kuunza Mharidzo iyi kuchechei mangwanani ano. IMharidzo yangu yeKisimusi kuchechei. Ndiyo...kana Mweya Mutsvene ukandibatsira kuunza zvandinotenda pamusoro payo. Zvino, zvisinei kuti zvakanyorwa zvakanaka sei muMagwaro, uye kuti munhu anozvinzwisisa zvakanaka, vanofanirwa zvakanaka kuvimba neMweya Mutsvene kuti uzviunze kuvanhu. Uye mungori mushure meKisimusi, apo makanzwa dzese nyaya dzakasiyana dzeKisimusi ne—nenhepfenyuro, nezvakadaro, zvemharidzo dzeKisimusi. Iyi ichange yakati tsaurwei zvisioma, pakuve nyaya yeKisimusi, asi zvakanogadaro Mwari vaiisa pamoyo pangu.

²⁹ Uye zvino ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana, muHupo hwaVo nemumimvuri yekutonga kwaVo, kuti tikumbire tsitsi.

³⁰ O Mwari, Muponesi naBaba vedu Vakaropafadzwa, tiri kuswadera pachigaro cheNyu chetsitsi. MuZita raIshe Jesu, Mwanakomana weNyu, tiri kuzviunza mukuzvininipisa mangwanani ano, kuti tipe kwaMuri minamoto yedu nekutenda kwedu, pane zvese zvaMakatiitira. Musvondo rino rapfuura, kunyanya, kuti moyo yakava nenzara sei, uye vanhu vakatsanya, neMweya Mutsvene wakavaropafadza, ukaita zvinhu zvikuru pakati pedu! Vanorwara vakapodzwa. Uye Mwari vakaziviswa, kuti Vanorarama, uye Vanoda vanhu vaVo.

³¹ Uye kuti Mashoko achiri echokwadi chaizvo, emuporofita, paakataura Mashoko aIshe Mwari, paakati, “Kana vanhu vanodaizwa neZita raNgu vakaungana pamwe chete, vakanyengetera, ipapo ndichanzwa kubva Kudenga.” Mashoko iwayo achingori echokwadi sepazuva raakatanga kutaurwa. Takazviona zviri izvo, Ishe. Zvino tiregerereiwo, tinonamata, pazvivi zvedu zvose, kusatenda kwedu kwose, kunova ndiko chivi.

³² Uye tinonamata, Ishe, kuti Mudzoreredze kwatiri kutenda kwakambobambisa Chechi yekutanga. Kwete kukumbira kurarama zviri nyore, asi kukumbira chete tsitsi dzaMwari, neHupo hwaVo, nemaropafadzo aVo kuti aende nesu. Kana mungava mumunda wekuvhangerwa uyu kana munda wekuvhangerwa uri mhiri kwegungwa, kana zviri pamutepfetepfe, kana pakurarama zviri nyore, kana kuri kuti pamberi pehondo, zvisinei kuti kungave kuri kupi, Ishe, kuda kweNyu kudukusa ndicho chishuwo chedu chikurusa chekuKushumirai. Ingokujekesai kwatiri, O Ishe, kuti tisapotsa nzira, nokuti tinofamba munyika ine rima uye yakapofomadzwa, pakati pevanhu vazere nezvivi vakapofomadzwa. Saka, chenesai nzira yedu, Baba, uye titungamirirei sezvaMunoda, makwai emafuro eNyu.

³³ Itai kuti Mufudzi weboka atungamirire vanhu vaKe mukutapira uye nomukuzvininipisa, apo takamirira kwaMuri mangwanani ano paMharidzo yemangwanani. Dai Mweya Mutsvene ataura zviripachena kumoyo wega-wega uye dai tikaona zvizhoma zvezvo zvaitaurwa nemuporofita, uye mune izvozvo, zvino, tova nemaropafadzo anobwinya eHupo hwaMwari, achisimbisa Shoko rose. Tinozvikumbara nemuZita raJesu, Mwanakomana wenyu, Muponesi wedu. Amen.

³⁴ Ndingakumbira vateereri vedu mangwanani ano, avo vane maBhaibheri, kana vachida kuverenga pamwe neni, Magwaro, kana kunditevera pandinoverenga, kana mukavhura kuBhuku raIsaya. Muporofita Isaya, uye chitsauko 7, ndinoda kuverenga kubva muchikamu cheGwaro iri. Muna Isaya, chitsauko 7, tichatanga nehurukuro yaMwari kuna Ahazi, pandima 10.

Zvino JEHOVHA akataurazve naAhazi, achiti,

Kumbira chiratidzo kuna JEHOVHA Mwari wako; uchikumgire kunyange pasi pakadzika, kana kumusoro kwakakwirira.

Asi Ahazi akati, Handingakumbiri, uye handingaedze JEHOVHA.

Akati, Chinzwai imi . . . O imba yaDhavhidhi; Chinhu chiduku kwamuri kuti munetse vanhu, zvino moda kunetsa Mwari wanguwo here?

Naizvozvo Ishe amene achakupai chiratidzo; Tarirai, mhandara ichava napamuviri, ichabereka mwanakomana, uye . . . ichamutumidza zita rake Imanuiri.

Achadya ruomba nouchi, kuti agoziva kuramba . . . chakaipa, nokus- . . . kusarudza . . . zvakanaka.

Nokuti mwana asati aziva kuramba . . . chakaipa, kana kusarudza . . . chakanaka, nyika iyo yaunovenga icharashwa navaviri . . . madzimambo

³⁵ Kana ndingataura chidzidzo kubva pane izvi, kuti tiwane nzwisiro, ndinoda kushandisa izwi rekuti: *Chiratidzo Chepamusoro.*

³⁶ Kana tine husiku hwakasviba zvakananyisa, uye zvichiratidzika sekuti mune . . . dzimwe nguva kwakasviba kwazvo muhusiku uhwu zvekuti hatigone kuona maoko edu pamberi pedu, ndipo panguva iyoyo yekuti mheni inopenya inopa chiyedza chakananyisa kujeka. Inotumirwa kwatiri kuratidza kuti kunogona kuve nechiedza murima.

³⁷ Izvi zvakaikwa panguva yaitonga Ahazi, mambo aiva nehupi. Uye kana mukacherechedza, I—Ishe havana kutaurira shoko iri kuna Ahazi, asi kuimba yaDhavhidhi. “Inzwi, O imi imba yaDhavhidhi! Ichi chichava chiratidzo.” Nokuti, vakanga vari muhondo, hama dzichirwisana nehama, uye

yaiita senguva yerima gurusa renzendo dzevaIsraeri nekufamba kwavo. Asi Mwari vakatinhira, kuburikidza nemuporofita, chiratidzo cheKusingaperi. Zvino, zviratidzo nguva zhinji . . .

³⁸ Vanhu vane zviratidzo. Uye tinorarama munyika yakazara nezviratidzo. Munhu akaedza kuti abudirire mune chimwe chiratidzo. Munhu akaedza, kuburikidza netsvakurudzo yake yesainzi, nebudiriro yake, kuita chiratidzo chingave chakatanhamara, kana chirangaridzo chekutesva kwake njere, kuti iye mukuru zvakadini, kana kuti inyanzvi pakuronga yakadii. Akaita izvozvo zvichidzika nemumakore ose apfuura.

³⁹ Somuenzaniso, apo hungwaru hwomugungwa hwepasi rose, makore asingasviki zana akadarika, vakasarudza kuti vakanga vakachenjera zvokuti vaigona kupa kunyika chi—chiratidzo chekutesva kwehunyanzvi hwavo, zvekuti vaigona kuzvivakira ngarava yekuti hakuna kana saisai rakakura zvekugona kuinjudza. Uye vakatumidza iyi ngarava kuti Titanic. Chakanga chiri chirangaridzo chisingaperi kunyika, kuti hunyanzvi hukuru hwekuvaka ngarava hwakanga hwasvika pakukwana, kuti vaigona kuratidza kunyika kuti ngarava iyi hayaigona kunyudzwa.

⁴⁰ Saka, nekuchengetedzwa kwese pamusoro pehuchenjeri hwevavaki, uye nekureva kwavo nehurukuro, nehumbowo hwesainzi hwekuti ngarava iyi yaisagona kunyudzwa! Zvino kana zvinhu zvikapihwa kuvanhu nenzira iyoyo, va—vanoita sevanzorora vakagutsikana kuti zvinhu zvese zvakarungana, chero bedzi tsvakurudzo yesainzi ikataura kuti zvakanaka.

⁴¹ Saka vakanga vachiyambuka nyanza vari mungarava iyi, parwendo rwayo rwemumvura, uye vachinzwa kuchengetedzeka kukuru kwekuti hapana chaigona kuvakuvadza, vakaita mabiko makuru ekudhakwa. Uye vose vakadzi nevarume vaive mungarava, kana kuti, pada vazhinji vavo, ndingangoti, vakadhakwa; kunyange, vanoti, mutyairi wayo nomukuru wengarava, navo vese. Uye mabhendi ndokutanga kukwidza ruzha rwemu—mumhanzi we jazz, wakange uine mukurumbira muzuva iroro, sezvatine rock-and-roll nhasi. Nokuti, vakanga vakachengetedzeka, vakanga vari mungarava iyo vanhu vakanga vava nyika chiratidzo chehuchenjeri hwavo, chekuti, “Ngarava iyi yaigona kukunda chero saisai ripi zvaro kana chero gungwa ripi zvaro.”

⁴² Vachiri mukudhakwa zvekusaziva uku, ngarava yakananga kumhute yakasimba. Mumwe wevakuru vengarava ndokutaura, kuti, “Tinofanira kumboongorora mainjini.” Asi mukuru-mukuru akati, “Nyatsoimhanyisai, ‘Takananga mber!’ Tinofanira kusvika pachiteshi chezvikepe tiite rimwe basa.” Payainyatsoti pindikiti mumhute yacho yakasimba, sekunge ndiyo yaiva muridzi wemamiriro ezvinhu, kamwe-kamwe, yakarova zigomo rechando, zvino ndokuenda pasi pemvura.

43 Zvino tinoudzwa nanyanduri akanyora rwiyo rwunoti, “Mwari, neruoko rwaVo rwune simba, vanoratidza nyika ino kuti haigoni kumira.”

44 Kubudirira kwavo kukuru kwakaenda pasi pegungwa, nemazana emazana evanhu vakadhakwa vaivemo. Hazvitongoshande chete.

45 Aive mushakabvu Adolf Hitler uyo akapa vanhu vekuGermany chiratidzo chokuti akanga ari nyanzvi, aiziva zvose zvehupenyu hwechiuto. Uye, pasina kumuzvidza, aiziva zvakawanda pamusoro pazvo. Asi akapa kugutsikana kuvanhu vemuGermany, nekuvaka yatinoti Maginot Line, kana kuti Siegfried Line, zvekuti akadira mabhiriyoni ematani ekongiri nesimbi pamwe chete. Akaratidza chivimbo chake mairi, zvekuti akatamisa muzinda wake kuenda kumberi chaiko, uko nzvimbo dzekudyira nedzemabhizimisi zvaishanda zviru pasi pevhu, apo pavaiva nemabhiriyoni ematani esimbi nesimende. Zvisinei kuti zvaizofamba sei, Germany yakanga yakachengetedzwa. Chaiva chiratidzo chekuchengeteka. Asi bhomba guru kwazvo rechimanjemanje rakaiputitsira muZiendanakuenda, naHitler pamwe nayo.

46 Aiva Nimirodhi, rimwe zuva, akati aizovaka shongwe yaizounza vanhu vake, aigona kuratidza zvaigona kuita nenjere dzake. Uye akanga ari kuzovaka shongwe yaizodarika makore, yekuti, kana hashu dzaMwari dzikanzi dzauya, aizoVanzvenga. Netsvakurudzo yake yesainzi, aizokwanisa kuisa mabwe namatombo nenzira yokuti aigona kuendesha vanhu kwakachengetedzeka, nohungwaru hwake. Asi zvakashaiswa maturo, nekuvhiringidzwa kwemitauro, uye havana kuzokwanisa kupedzisa shongwe yacho.

47 Aiva Nebhukadhinezari akavaka masvingo eBhabhironi, zvino ndokuzvikudza pamusoro pawo. Aive akakura kwazvo, zvekuti, chipani chemabhiza matanhatu nengoro zvaigona kumhanya mujawo zvichitenderera pamadziro aya. Masuwo aro akanga akakura kwazvo, kusvikira varume vakadikitira upenyu hwavo hwese maari, vachirova nenyundo ndarira yokuita masuwo airema mazana ematani; muguta guru iri, vaitora mapoka evarume kuti vaavhure. Hapana aigona kubata Nebhukadhinezari. Asi humwe husiku, mumutambo wekudhakwa, vachifunga kuti vakanga vakachengetedzeka seri kwemadziro avo esainzi, nezvombo zvezuva ravo, kwakauya Ruoko rwuchinyora pamadziro. Zvino ndokugumiswa.

48 Oo, munhu akaedza sei kutakura munhu kuenda kwakachengeteka, kuzvisundira pachake achienda kwakachengeteka, nezviratidzo zvake zvebudiro. Zvinoita sekuti, nekuti vanhu vanotsvaka chiratidzo, panofanira kunge paine chimwe chikonzero chacho; chimwe chinhu chiri mukati

memunhu chinodanira chikonzero kana chiratidzo, kubva kune imwe nzvimbo, kuti anogona kunge akachengeteka.

⁴⁹ Ipapo Mwari ndokutaura, vakati, “Ndichavapa chiratidzo chekusingaperi. Ndichapa Chechi chiratidzo chekusingaperi.” Chakanga chisiri kuzova rusvingo rukuru kana shongwe. Vakati, “Mhandara ichabata pamuviri, uye ichabereka Mwanakomana, uye ichatumidza Zita raKe ‘Imanueri.’ Ndicho chichava chiratidzo chaMwari cheKusingaperi.” Zviri nyore sei! Zvidiki sei!

⁵⁰ Munozvinzwisisa here kuti zvinhu zvidiki zvamunopfura nekusiya, zvinoreva zvakanyanya kuna Mwari? Chechi ingagona kuvifunga izvozvo here mangwanani ano? Mukubudirira kwedu sesangano, uye nezvivakwa zvake zvikuru nehumhizha, tiri kusiya zvinhu zvidiki zvinoreva zvakanyanya kuna Mwari uye zvakanyanya kumagumo edu aZiyendanakuenda. Tinosiya zvinhu izvozvo.

⁵¹ Mwari vachitaura, kuti, “Ndichakupai chiratidzo cheKusingaperi. Mhandara ichava nemimba, uye ichabereka mwana.”

⁵² Sei, sei mwana mucheche, sei achifanira kuva ari mwa—mwana mucheche? Musiki pachaKe anofanira kuuya kuzogara muchisikwa chaKe, kuti ave chiratidzo kuvanhu? Ko sei achifanira kuva ari mwana mucheche? Sei vasina kugona kunge Vakati, “Ndichavaka manera makuru, zvino imi mose... sehope dzaJakobho. Kana kuti, Ndichadonhedza kubva Kudenga, kubva mumakoridho eDenga, tambo, ndigokupa simba, kuti, kana ukazvikochechera nayo, Ndinokusimudza”?

⁵³ Asi, Akauya zviri nyore chaizvo. Ndokuti, “Mwana achazvarwa. Ichocho chichava chiratidzo. Kwete kuti chichava chiratidzo chete, asi chichava chiratidzo chepamusoro.” Mwana mucheche! Manje, hungwaru hwesainzi hwaizoseka pamberi pefungwa yakadaro. Asi, kuna Mwari, chaive chiratidzo chepamusoro. “Mhandara ichava nemimba, uye mwana uyu achanzi *Imanueri*, mukududzira zvinova, ‘Mwari vanesu.’” Ndicho chiratidzo chepamusoro.

⁵⁴ Mwari veKudenga, vachigara nevanhu, ndicho chiratidzo chepamusoro. Hachingazovi chiratidzo chezuva iroro chete, asi chezuva rino uye nemazuva ose, kuti Mwari Vanogara nevanhu vaVo. Imanueri, Mwari vanesu, ichi ndicho chiratidzo chepamusoro. Ichi ndicho chiratidzo chaZiyendanakuenda, chiratidzo chekusingaperi, chakapihwa naMwari.

⁵⁵ Uye sei Akazova guruva, guruva chairo rechisikwa chaKe pachaKe? Musiki akava iroro, guruva rechaAkasika.

⁵⁶ Munhu achiedza kuita chinhu chihombe kwazvo. Asi, Mwari pavakapa chiratidzo, chaive chinhu chidiki. Munhu anoedza kubatana nezvinhu zvikuru. Mwari vanobatana nezvinhu zvidiki. Munhu anoedza kuti, “Nekuti munhu wese anoenda

nenzira *iyi*, ngatiitei sezvavanoita kuHollywood.” Mwari vanoda vashoma. Vanoda ku—kusiya zvinhu zvikuru zvose, kuti vagamuchire chidiki.

⁵⁷ “Mwana achazvarwa, Imanueri mudiki achazvarwa.” Mwari vezvisikwa vakava chikamu chezvisikwa zvaVo pachaVo. Mwari, Musiki weDenga nenyika, Vakasika guruva nemiti, uye nezvinhu zvose zviripo, vakava chikamu chazvo. Ndicho chichava chiratidzo, Vachauya nenzira yekubudikidza nemunhu.

⁵⁸ Zvino, Vaigona kunge vakauya neimwe nzira. Vangadai vakauya nenzira yedzimwe, ye—yedzimwe nzira dzaVainadzo dzekuuya.

⁵⁹ Asi Vakasarudza kuuya nenzira iyi, kuzopa chiratidzo, chiratidzo chepamusoro. “Mhandara ichava nemimba, uye ichabereka Mwanakomana, uye vachaMudana ‘Imanueri.’” Zvino, zvaive zvei? Chikonzero chei?

⁶⁰ Sei asina kusarudza kuva Ngirozi? Angadai akazviita. Aigona kuuya ari mu—murume akanyatsosvika zvakakwana. Angadai akave nekuremekedzwa kwakazara kubva Kudenga, neNgirozi neZvinorarama zvese zvekuDenga; vovaridza kubva mumakoridho eKudenga, manera endarama, uye Aigona kunge akaburuka pasi neboka reNgirozi. Angadai akazviita.

⁶¹ Asi iVo vakati, “Ndichakupai chiratidzo, chiratidzo chepamusoro, chiratidzo chekusingaperi. Mhandara ichava nemimba, uye yogobereka mwana.”

⁶² Uye paVaifanira kusarudza nzvimbo yaizoberekerwa mwana uyu. Vangadai vakaburuka nemanera, neruremekedzo rweDenga rose. Vaigona kunge vakaburuka kubva Kudenga seNgirozi, kana kuburuka ari murume akanyatsosvika zvakakwana. Asi iVo, zvakare, vangadai vakauyira mumuzinda wamambo.

⁶³ Asi Vakati, “Ndichapa chiratidzo.” Uye chiratidzo chakaudzwa kuvafudzi vemakwai, “MUCHAMUWANA ari mudanga rezvipfuyo, akaputirwa nemicheka yepajoki.” Ndicho chiratidzo chepamusoro, chakazvarirwa pamusoro pemurwi wemupfudze, nekunhuwa kwedanga, pasina kana mbatya dzekuMupfekedza, Imanueri. Dhiyabhore anoda kuita kuti zvinhu zvive zvakakura uye zvichipenya. Mwari vanochengeta zvinhu zvakaniipa. Chiratidzo chepamusoro, “MUCHAWANA Mwana mucheche akaputirwa nemicheka yepajoki, akarara muchidyiro chezvipfuyo. Ichi ndicho chichava chiratidzo, chiratidzo chepamusoro.” PaAkanga ari panyika, Akanga ari murombo zvikuru. Tinotaura zvakadii nezvenguva yakaoma? Ndianiko mudiki Uyu? NdiJehovha!

⁶⁴ Jehovha Mwari vakava munhu, vakatora rudzi rwedu, vakazviyambutsa pachaVo kubva pakuva Mwari, ndokuva munhu. Hechoka chiratidzo. Vakava...Vakanga vari Mwari, vakava munhu; kwete munhu mupfumi, asi munhu murombo. Ichi ndicho chiratidzo chacho chepamusoro. “Makakumbira

chiratidzo,” vakadaro Mwari, “Ndichakupai chimwe chete, chiratidzo chekusingaperi.”

⁶⁵ Vangadai vakauya neimwe nzira, sezvandambotaura, asi, mwana mucheche, sei Vakazova mwana mucheche? Pakavhurika kekutanga muromo muduku, usina mazino muchidyiwo ichocho, panhowo iyoyo yekutanga. . . mangwanani eKisimusi yekutanga, ari munhowo yaKe diki yechidyiwo, nekamhere kekutanga kakabuda muinzwi raKe, vaiva Mwari vaichema. Jehovha vachichema, munhu; vakabva kuna Mwari, uye vaiva munhu, pana zvose, munhu. Vakauya panyika vasina chinhu, asi zvakadaro vari munhu. Vaiedza kuita sei? Vaiva vakanangana nei?

⁶⁶ Akachema semwana mucheche, ari muchidyiwo. Akatamba semukomana, mumugwagwa. Akashingaira semurume, asi zvakadaro Akanga ari Imanueri. Ichi ndicho chiratidzo chepamusoro. Mwari vachigara muchisikwa chaVakasika. Chiratidzo chepamusoro, “Chichava chiratidzo kwamuri.”

⁶⁷ Vaive murombo kwazvo, paVakauya panyika, Vakauya nemumimba yekukwereta, mimba yakakweretwa yemudzimai. Uye vakatokwereta bwiro, rekuvigirwa mariri. Mwari! “Mhandara ichava nemimba, pasina kusangana pabonde.” Jehovha vakakwereta mimba yaMaria, mudzimai, kuti vaite basa raVaizopa chiratidzo chekusingaperi. Uye vakange vari murombo kwazvo, panyika, mushure memakore makumi matatu nematatu nechidimbu, eshumiro, Vakatokwereta guva rekuvigirwa mariri. Ungafungidzira here? Taura nezve kubata mimba kwemhandara pasina bonde, muchirevei, zvakadaro?

⁶⁸ Hamuone here chiratidzo chaicho? NdiJehovha vakava mumwe wedu. Jehovha Mwari panyika, somupoteri, mufambi munyika yaVakasika; vakarambwa, nekusundidzirwa, nekusekwa, nekunyombwa; Dombo rinopingaidza kune asingatendi, Ibwe rinogumbutsa; dhimoni, kunyika yezvinamoto. Asi chiratidzo cheKusingaperi kumutendi, “Mwari vanesu,” chiratidzo chepamusoro. Murikuzviona here? Mwari vakaratidzwa pachena, Mwari vachiZvipa kunyika, semupoteri. Vaigona kunge vakauya neimwe nzira, asi vakasarudza kuuya nenzira iyi.

Teererai kune Izvi. MusaZvipotsa.

⁶⁹ Ndinofunga kuti Mwari vakanga vaine mupfungwa dzaVo, zvichange zvichinakidza kumunhu. Ndizvozvo, kumutendi. Zvinofadza kana Mwari vedu vava mumwe wedu. Asi, kune vakaomarara, vasina humwari, chigumbuso. “Ndichakupai chiratidzo, mhandara ichabata pamuviri. Imanueri achava nemi.” Mwari vakafunga kuti zvaizofadza rudzi rwevanhu, kuti Mwari vedu vazove mumwe wedu, kuti Vachazozviyambutsa pachaVo uye vogova guruva redu, kuti Vogova verudzi rwevu, rudzi rwevanhu; Musiki Akagadzira zvinhu zvose.

Uye, zvakare, zvakazadzikisa chiporofita. Vaprofita vakanga vazviona.

⁷⁰ Uye chimwe chinhu, “Shoko rakaitwa guruva, nyama, rikagara pakati pedu.” Jehovha, Shoko rakava munhu, rakava guruva ndokugara pamwe nesu. Chiratidzo *Chekusingaperi*, “hachizogumi.” Oo, kana tikazvifunga, chiratidzo chaZiyendanakuenda, zviratidzo zvepamusoro zvechiratidzo chose, Mwari vachiva mumwe wedu.

⁷¹ Zvino, zvakare, Anofanira kunge ari Mbeu yaAbrahama. Abrahama, hongu, aive mbeu yaEvha. Evha... “Aiva Mbeu yemukadzi yaizokuvadza musoro wenyoka.” Asi, Abrahama, kana mukagona kuzvibata, aive nokutenda muna Mwari, uko kwakabatanidza Mweya waMwari nenyama yemunhu. Ndipo panouya kutenda. Ndosaka Aikwanisa kuva Mbeu yaAbrahama, kwete nyama yose, asi kubatana kweMweya nenyama pamwe chete. Mwari, Vachizviita... vabvarura, vachidzura chakaipa chose, vachiunza nyama ichizviisa pasi, guruva raVakasika, uye voga newe se—semumwe wako.

⁷² Chimwe chinhu, Havana kumbosvibisa kana kupikisa chero mumwe wemitemo yaVo. Havakwanise kuzviita izvozvo. Saka, “Mhandara. Ndichakupai chiratidzo.” Kwete Titanic, kwete U.N., asi, “Ndichakupai chiratidzo chekuchengetedzeka. Mhandara ichava nemimba, uye ichazvara Mwanakomana, uye ichaMudana ‘Imanueri.’” Ndicho chiratidzo. Hongu.

⁷³ Munoono, mumirawo yaMwari yerudzikinuro, sezvazvakanga zvakaita kuna Bhoazi naNaomi, aifanira kuva hama yepedyo. Zvino nzira chete yekuti munhu adzikinurwe nayo, Mwari vakatozova hama, yepedyo. Ndinoda kuti muzvione. Havana kumbova hama yepedyo, zvachose, kuvapfumi, kune vane masimba. Asi Vakaberekerwa muchidziro, vakaputirwa mumicheka yepajoki; kwete kumunhu mukuru, asi kumwana. Vakanga vari Mwari pamusoro pezvisikwa. Vakasarudza kuzviita, kwete kuuya vari murume akanyatsosvika zvakakwana. Vakauya kuti Vatambudzike mumanzwiro evacheche. Vakauya kuti Vagopinda nemumiyedzo yevabve zera. Kuti vaende, kuti Vashingaire mukushingaira nemisungo yadhiyabhore, semunhu, uye kuti vagadzire nzira yevanhu vemazera ose, vemazera ose uye nevemapoka ose: varombo, vapfumi, vose zvavo. Vakava murombo, kuti, kuburikidza nehurombo hwaVo, tive vapfumi uye nevadyi venhaka pamwe naVo muHumambo. Chiratidzo chaizopiwa, vachizviyambutsa pachaVo, VachiZviita chimwe chinhu chakasiyana nezvaVaiva; zvino chiratidzo chepamusoro, chichichema semwana mucheche, chichitamba semukomana, chichishingaira somurume, asi vakanga vari Mwari vachirarama matanho ose ohupenyu sezvatinoita.

⁷⁴ Munoziva, Mwari vakapa zviratidzo zvakawanda zvekuti Vaiva Mwari. Vakapa chiratidzo kunyika yakaparadzwa nemvura zhinji, kuti Vakanga vari Mwari, Mwari wokutonga. Vakanyudza vanhu mumazuva aNoa, ndokuyangararisa vakarurama muareka; chiratidzo chokuti Vakanga vakarurama, uye kutongwa kwaiva kwechokwadi. Ndicho chiratidzo, kuti mutadzi wose asina kutendeuka achaparara mukutongwa, kuti vakarurama vachaponeswa netsitsi dzaMwari.

⁷⁵ Vakapa chimwezve chiratidzo pagwenzi raipfuta. Chaive chii paVakabata muporofita waVo aitiza, “Ndanzwa kuchema kwevanhu vaNgu, uye Ndarangarira sungano yaNgu”? Vakapa chimwe chiratidzo ipapo, chokuti Vakanga vari Mwari vanochengeta sungano, kuti Vakarangarira zvose zvaVakataura, vimbiso yose yaVakaita. Vakapa chiratidzo pagwenzi raipfuta, “Uye Ndaburuka kuti ndivadzikinure.”

⁷⁶ Tarisai Mwari munzira dzaVo dzebasa. PaVakasika maTenga nenyika, Vakadana Ngirozi pamwe chete, uye Vakati, “Ngati.” Nzvimbo yese muRugwaro paAkaita chero chinhu, kazhinji, “Kwete iNi, asi Baba vaNgu.”

⁷⁷ Asi pazvakasvika pahurongwa hwerudzikinuro, Vakauya vari voga. Hapana aiva naVo. Ndivo Voga vaikwanisa kuuya. Ngirozi hayaikwanisa kuzviita. Mumwe munhu, ainzi mwanakomana waVo, haaikwanisa kuzviita. Mumwe anonzi chimwewo chinhu, mhandara tsvene, kana amai vatsvene, kana—kana mumwe mutsvene, haaikwanisa kuzviita. Mwari vakatozouya! “Uye iNi ndichakupai chiratidzo. Mhandara ichava napamuviri; uye mwana achazvarwa, uye Achava Imaneri, Mwari vanesu,” chiratidzo chepamusoro. Mwari muvanhu vaVo. Mwari nevanhu vaVo. Mwari vakava vanhu vaVo. Mwari nemunhu vakava mumwe. Chiratidzo! Chigumbuso kunyika, asi tariro yakaropafadzwa kumutendi. Chiratidzo chichataurwa zvakaipa nezvacho.

⁷⁸ Vakava neimwe nguva yaVakaratidza. Vakaratidza mumafashamo kuti Vaive Mwari wekutonga, uye naMwari wetsitsi kune avo vanochengeta Mirairo yaVo.

⁷⁹ Vakaratidza pagwenzi raipfuta, nechiratidzo, kuti Vaizochengeta vimbiso yose yaVakaita.

⁸⁰ Uye paGungwa Dzvuku, Vakaratidza kuti vaizogadzira nzira kune avo vaiedza kuita zvakanaka uye nokutevera Murairo waVo. Hazvinei kuti chii chinoigura, Mwari vakazviratidza paGungwa Dzvuku, ndokupa chiratidzo, chokuti Vaigona kuzarura gungwa. Mumuyedzo wese, Vachaita nzira yekupunyuka nayo. Woti, “Amai havaChitende. Baba havaChitende. Chechi haiChitende.” Handina basa kuti ndiani asingaChitende. Kana ukaZvitenda, Mwari vachaita nzira yokupukunyuka nayo. Vakapa chiratidzo chokuti Vachazviita. Vakanga vari munzira yavo, vakananga kunyika yechipikirwa,

kwavakanga vavimbiswa naMwari. Uye Gungwa Dzvuku rakavavharira, zvino vakapinda mudambudziko. Vakanga vasingazive zvekuita. Mwari vakaratidza kuti Vaizoita nzira yokupukunyuka nayo mumuyedzo wose, mukuyedzwa kwose. Haugone kusiya kuputa? Tora Mwari pane imwe nguva. Haugone kusiya kunyepa, haugone kusiya kuba, haugone kusiya hashha? Tora Mwari pamwe newe pane imwe nguva. Kana usinganzwe kuda kuenda kucheche, uye pasina kwaungave; tora Mwari pamwe newe kamwe chete, tora vimbiso yaVo. Vakazviratidza, paGungwa Dzvuku, kuti Vanogadzira nzira yokupukunyuka nayo. Mwari vakapa zviratidzo zvakawanda.

⁸¹ Usiku huya paVakati kuvafudzi, “Endai zasi kuBheterehema, nokuti nhasi kwaberekwa Kristu Muponesi. Kristu, Mwari vakazodzwa, zuva rino vazvarwa nemudzimai.” Mwari!

⁸² Kwete kumuita mwari, zvino. Vakangokwereta mimba yemudzimai, zvimwe chete sekukwereta kwaVanoita mutumbi *uno* kuti vaparidze Vhangeri kubva mauri. Zvimwe chete sezvaVanokwereta mutumbi wako, kuti Vaite basa raVanoda kuita kuburikidza nemauri, nokuti Vachiri Imanueri, chiratidzo, Mwari pamwe nevanhu vaVo. Mwari vachigara pakati pevanhu vaVo, chiratidzo chepamusoro, chekusingaperi. Hachigone kukundikana. Chichagara chiri icho chiratidzo.

⁸³ Mungataura pamusoro pezviratidzo izvi, ko nezve ichi? Usati wambowana chimwe chiratidzo, chiratidzo chekutaure nendimi, chiratidzo chekuporofita, chiratidzo chechero mweya, notofanira kudzokera kuchiratidzo chepakutanga, chiratidzo chaZiyendanakuenda uye chekusingaperi. Iva wakatwasuka, pakutanga kwacho, uye panheyo iyoyo, inova Dombo nemumazera ose, zvino hapana chingaribata. Masuwo eGehena acharwisana nacho, asi haangakundi. Tora chiratidzo ichocho, “Mhandara ichava nemimba, igobereka Mwanakomana.”

⁸⁴ Uye Akaudza vafudzi ava, “Heino nzira yamuchaMwana nayo. Achange ari muchidiro, mudanga, akaputirwa mumicheka yepajoki. Uye pamuchaMutarisa, tendai, nekuti iYe ndiMwari vari pakati pedu.”

⁸⁵ Chiratidzo ichocho chakanga chisingori kuvafudzi chete. Asi chakapiwa kunyika yose, kuti iMutarire nokuona kuti iYe ndiani. NdiMwari vanesu, Imanueri.

⁸⁶ Paakanga Ari pano panyika, Akaratidza pachena kuti Aiva Mwari. Akaratidza kuti Mwari vaive maAri, nekuti zviratidzo zvaMwari zvaiMutevera. Akati, “Kana Ndisingaite mabasa aBaba vaNgu, saka musaNditenda. Asi kana Ndikaita mabasa aBaba vaNgu, kana mukasaNditenda, tendai mabasa, chiratidzo.” Imanueri! “Ini naBaba vaNgu tiri mumwe. Baba vaNgu vakaNdituma. Uye sezvaVanoNdituma, neNiwo

ndinokutumai. Baba, vakaNdituma, vaneNi. Vari maNdiri uye vachiita mabasa aVo. NdiMwari munyama.”

⁸⁷ Roti haana here kuwana raviro yazvo kuparadzwa kusati kwaitika? Apo, paakaona Mwari vachiratidzwa munyama, vachidya mhuru, vachinwa mukaka wemhou, vachidya chingwa chepachoto, ndokumira Vakafuratira kutende, uye nechisazitasingwi chokuti “Ini.” “Ini, ndichiona kuti Abrahamama ndiye mudyi wenhaka yenyika, Ini...” Nemanwe mashoko, “Ini ndichazvzivisa kwaari.”

⁸⁸ Aiva ari Ani? Ipapo Akabva ati, “Abrahama, ko mudzimai wako aripi, Sara?” Zvakamuvhundutsa. Mwari, vari muchimiro chokufanoratidzwa kwaKristu, vakaitwa nyama.

Ndokuti, “Ari mutende, shure kweNyu.”

Sara akaseka. Iye Akati, “Ko sei Sara aseka?”

⁸⁹ Pakauya Imanueri kuburikidza nemumimba yemudzimai, panzvimbo yekuonekwa setiyofani, Akati, “Sezvazvakanga zvakaita mumazuva aRoti, ndizvo zvazvichava pakuuuya kweMwanakomana womunhu.”

⁹⁰ PaAive panyika, vaapostora vava vakafamba neEvhangeri, zvekuti kunyange Ngirozi dzakatarisa nepamusoro pemibato yepamanera eKudenga, makoridho eNyika yemuKubwinya, kuti dzitarise maChiri. Imi muri kunyora Rugwaro pasi, sezvo ndiri kuona muchinyora, Timotio Wekutanga 3:16. “Pasina gakava chakavanzika chohumwari chikuru: nokuti Mwari vakaratidzwa munyama, vakatendwa munyika, vakaonekwa neNgirozi.” Ngirozi dzakasimuka kuti dzitarise pana Mwari. Dzakambenge dzamboninira tsvimbo dzadzo pamberi paVo, dzichidanidzira, “mutsvene, mutsvene, mutsvene,” paVaive vakagara Ikoko, seShongwe yeMoto, mukubwinya kweKudenga. Zvino paVakava munhu, Ngirozi dzakauya ndokutarisa kuti dziMuone, Jehovha, vaitwa nyama. Chokwadi, “Pasina gakava chakavanzika chehumwari chikuru.”

⁹¹ “Ndichakupai chiratidzo chekusingaperi,” nokuti Mwari vakaitwa nyama pakati pedu. Vakagara munyama. Chichava chiratidzo chekusingaperi. Kwete kuvafudzi chete kuti vatarise vagotenda, asi kwamuri Branham Tabhenakeri, uye nekunyika ino ine hutsinye, kuti itende kuti ava ndiMwari. Mwari vakapa chiratidzo ichocho. Jesu akati, “Sekutumwa kwaNdakaitwa naBaba vapenyu, vakauya pamwe neNi, uye vakanga vari maNdiri; naizvozvo Ndinokutumaiwo, kuti Baba vapenyu vaende nemi uye vave mamuri, chiratidzo chekusingaperi. Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda. Tarirai, Ndichava nemi, kunyange mamuri, kusvika kumagumo enyika. Ndichava nemi. Kumagumo enyika, Ndichange ndiripo ndinemi.”

⁹² Mumwe munhu, sezvandambotaura kumashure, anoda kuVaita Mwari vaduku, vampfupi. Vakanga vari munhu; Mwari vakanga vari kushandisa munhu. Mwari vakanga vachishandisa

nyama yaVakasika, pachaVo, kuitira kuti vasike kuburikidza naYe, “Uye kuti vaunze vanakomana vazhinji kuburikidza naYe,” Rugwaro runodaro, “kuburikidza neMwanakomana iyeye anoteerera. Kuburikidza nemwanakomana mumwe chete, vose vakawa. Kuburikidza neMwanakomana anoteerera, vose vachararama, avo anotenda.”

“Mwari vanesu,” chiratidzo, akati ndicho chichava chiratidzo. Aida kwazvo kuZvidaidza kuti “Mwanakomana womunhu,” munhu pachaKe, achingori munhu. “Handisi chinhu; Mwanakomana haagoni kuita chinhu maari pachaKe.” Asi ndiBaba vakanga vari maAri, Imanueri, Mwari.

⁹³ Mwa—mwana mucheche, Mwari, Jehovha Mwari. Mwana mucheche uya akachema, akanga ari Jehovha. Muri kuzviona here? Mwari vachigara mumwana mucheche.

⁹⁴ Mwari vachigara mune ari pazera rekuyaruka. Akanga ari mhandoyi yemwana Ayaruka? Akagadza muenzaniso. PaAkaraswa nababa vaKe naamai vaKe, vakatsvaka kwese-kwese kuti vaMwane, uye vakaMwana ari mutemberi. Akati kudii, semunhu ayaruka? “Hamuzive here? Hamuzivi here kuti ndinofanirwa kuva pabasa raBaba vaNgu?” Muenzaniso kune vayaruka.

⁹⁵ Semunhu, nekushamisira kwese kwenyika kwaAida kutambidzwa, zvinhu zvese zviru chaimo mumaoko aKe, kuti ave munhu mukuru kupinda vose, mupfumi kupfuura vanhu vose; Aigona kuudza vanhu pane hove dzine mari mumuromo madzo, aigona kupomba mvura yakanakisa kubva mumatsime oishandura kuita waini, aigona kushandura chero chinhu chaAida kushandura; aigona kutora mabhisikiti mashanu uye opa zvekudya kuzviuru zvishanu. Aine simba mumaoko aKe kuti ave munhu mukuru, asi zvakadaro akasarudza kuva murombo. Akanga asina kana guva paAkafa. Akatoita rekukwereta. “Imanueri, ichi ndicho chichava chiratidzo.” Ko Mwari vanouya sei? Muvarombo. Mwari vanoshanda sei? Chichava chiratidzo chekusingaperi, nevarombo, vasina kudzidza.

⁹⁶ “Chiratidzo,” akadaro muporofitakadzi mukuru, Ana, apo Simioni akasimudza maoko ake patemberi, uye akabata Muduku iyeye ari mumachira epajoki. Ana ndokuti, “Ichi chiratidzo chichataurwa zvakaipa pamusoro pachu, pakuwa kweIsraeri, asiwo kuungana pamwe chete, zvakare, Chiedza kuMarudzi.”

⁹⁷ Chii? “Mwari vanesu,” kwete muvafumi nevanozvikudza, asi muvarombo. Akazvarirwa mudanga, “Mwari vanesu.” Akaita zvinhu zvemhandoi? Tarisai zvinhu zvaKe zvaAkataura. Mutarisei, zvaAkataura.

⁹⁸ Nokuti, Mwari pachaVo vakati, “Uyu ndiye Mwanakomana waNgu wandinoda, munzwei iYe. Uyu ndiye Mwanakomana waNgu Uyo waNdinofarira kugara maari. Munzwei iYe.”

Akati, “Ndichava nemi nguva dzose, kunyangwe kusvikira kumagumo.”

⁹⁹ Akatuma vaapostori vaKe. Vakapisa nyika yose, mumazuva avo, saMwari vari mumwe nomunhu. Vakabhabhatidza vanhu muZita raMwari uyu, Jesu Kristu. Vaigara pedyo kwazvo naYe kusvikira iYe Azviratidza kuburikidza nemavari, kuburikidza nezviratidzo nezvishamiso uye nezvipo zveMweya Mutsvene. “Mwari vanesu.” Vakaparidza kuti kuna Mwari mumwe wechokwadi mupenyu.

¹⁰⁰ Munhu akavaka shongwe dzemarudzi ose pamusoro pavanamwari vatatu kana vana, kana vanamwari vaviri, asi kuna Mwari mumwe chete. Mharidzo iyi yanga iri kuzomutsiridzwa muzuva rekupedzisira.

¹⁰¹ Chitovai muine kufunga kwenyu iko zvino, zarurai moyo yenyu. Kumbirai Mwari kuti vakuzarurirei izvi, zvandiri kugadzirira kutaura.

PaAkauya, Akazadzisa zvakataurwa nemuporofita.

¹⁰² Uye paAnouya mumazuva okupedzisira, mumvura dzinonaya dzekupedzisira dzaMwari, apo yose mvura yokutanga neyekupedzisira ichadururwa, Ari kuuya chaizvo nenzira yazvakaporofitwa nayo pamusoro paKe. “Kuchava neChiedza panguva dzemanheru.” Chii chaizoitika? Imanueri, Mwanakomana mumwe chete, Chiedza chimwe chete, Mwari mumwe chete akauya kuzogara munyama, pamwe nevanhu vaKe paZuva rePentekosti, achauya nenzira yakafanana mumazuva ekupedzisira, nokuti chichava Chiedza chemanheru. Chii ichocho? Pachava nechiratidzo, chiratidzo chekusingaperi: Mwari vanesu, Mwari vari matiri, Mwari kuburikidza nematiri. Munhu naMwari vanova mumwe. Jesu akafa, zvekuti Akapa hupenyu huya hunokosha, pakusarudza kwaKe. (MuMharidzo yeSvondo yapfuura.) Nekuti, Akahupa nokuda kwesarudzo, yokuti Agounza vanakomana vazhinji kuna Mwari. Imanueri anesu. Vanhu veChiedza chemadekwana, chaizovakwezva.

¹⁰³ Mwari pavaKapira chiratidzo, “Ichi chichava chiratidzo. Mwari vachange vachigara munyama.” Vakafunga kuti zvaizokwezva vanhu. Zvakazviita. “Nokuti vose vakaMugamuchira, kwavari akavapa simba rokuti vave vana vaMwari.”

¹⁰⁴ Uye chinofanira kukwezva vanhu veChiedza chemanheru kana Chiedza chimwe chete ichocho charatidzwa. Mwari naKristu vangori mumwe. Petro akati, “Ngazvizikanwe kwamuri, kuti Mwari wakaita Jesu mumwe chete uyu, Wamakaroverera pamuchinjikwa, zvose Ishe naKristu.” Chiratidzo, chinotaurwa zvakaipa nezvacho, asi Zviedza zvevanheru zviri pano.

¹⁰⁵ Semushumiri weEvhangeri vakatisiya, mharidzo yepentekosti payakatanga kuburuka, mushakabvu Chiremba

Haywood, vasati vango... Ivo, ndinofunga, havana... Pamwe pava kanga vari pakanakisisa pavo, rimwe zuva pava kabatwa neMweya. Vaive nyanduri, kunze kwekuva muparidzi. Vakatora chinoyeso chavo ndokuchinyora.

Kuchava nechiedza panguva dzemanheru,
Nzira yeMukubwinya uchaiwana zvirokwazvo;
Munzira yemumvura ndicho Chiedza nhasi,
Wakavigwa muZita raJesu rakakosha.
Vadiki nevakuru, tendeukai pazvivi zvenyu
zvese,
Uye Mweya Mutsvene uchapinda zvirokwazvo;
Nokuti Zviedza zvemanheru zvauya,
Mazvirokwazvo ekuti Mwari naKristu
ndeMumwe.

¹⁰⁶ Zviedza zvemanheru! Kana tiri kufamba muChiedza chemanheru, chiratidzo chemanheru, zvino chaifanira kuva Chiedza chimwe chete nechiratidzo chimwe chete, chiratidzo chaZiyendanakuenda. Zvino zviratidzo zvimwe chete zvichatevera Chiedza chemanheru. Fiyuu! Muri kuChiona here? Mungagona kuChinzwisisa here? Ndiyo Mharidzo Kisimusi ino. Zviedza zvemanheru, zviratidzo zvaMhesiya zvichifamba naCho, zvichiperekedza Mharidzo. Zviedza zvemanheru zviri pano.

¹⁰⁷ Chinotaurwa zvakaipa pamusoro pachu. Vachakuramba, hama dzako. Ndiani vakaMuramba? Hama dzaKe. Vaifarira kuMuona achiita zvishamiso. Asi kana zvasvika paKarivhari, vaive vari kupi vose? Kana zvasvika panguva iyoyo yakakosha, apo Mwari muChokwadi chaVo pamwe neBhaibheri raVo vanofanira kuratidzwa pachena, ko ivo vari kupi? Vanodududza kumashure.

¹⁰⁸ “Muchapiwa chiratidzo. Uye zviratidzo izvi zvichatevera. Mabasa aNdinoita, nemiwo muchaaaita; kunyange mazhinji kupfuura aya, nokuti Ndinoenda kuna Baba vaNgu.”

¹⁰⁹ “Kuchava neChiedza zvakare munguva dzamanheru.” Oo, zuva rakasviba rino ratapfuura nemariri! Asi kwemakore makumi mana makore anga achisuduruka, kuburikidza nekuvandudzwa kwekutanga, kwekuunza Mharidzo yekuti Mwari naKristu ndemumwe, kuti Mwari vakaratidzwa munyama. Vakasarudza kugara munyama yemunhu. Zvino nhasi vanoMuita chimwe chinhu chakagara pachigaro chehushe, vanoMuita chimwe chinhu chakudhara-dhara, vamwe vavo vanoda kuMudzose kumutesvi wenjere, vamwe vanoda kuMuita muporofita. Asi, hama, NdiMwari mauri, Mwari vachiratidzwa munyama. Sei?

¹¹⁰ Ko vakaziva sei kuti Vaiva Mwari munyama? Akati, “Kana Ndikasaita mabasa aBaba vaNgu, zvararo Ndakakuudzai zvisiri izvo. Asi kana Ndikaita mabasa aBaba vaNgu, zvitendei.”

¹¹¹ Uye zvino chinhu chimwe chete. Mharidzo yamutsiridzwa zvakare mumazuva ekupedzisira, Mharidzo yokuti iYe ndiAni, izvo zvaAri. Imanueri achigara mamuri, nemabasa mamwe chete aAkaita, Achizviratidza kuburikidza nemauri, zvinhu zvimwe chetezvo zvaAkaita. Chiedza chemanheru. Chinotaurwa zvakaipa pamusoro pachu. Inzira yakaoma.

¹¹² Zvakareva chimwe chinhu kumutongi wechidiki akapfuma, asi moyo wake uine nzara, kuti auye kuna Jesu, akati, “Rabhi, ndingaita sei kuti ndiwane Hupenyu Husingaperi?”

Akati, “Chengeta Mirairo.”

Akati, “Ndakazviita kubva ndichiri mwana mudiki.”

Akati, “Saka unoda kuva wakakwana zvino?” Akati, “Nditevere.”

¹¹³ Asi akaenda akasuwa. Zvakamudhurira zvakananyisa. Dai aikwanisa kuMupa imwe mari uye ovaka chechi huru pane imwe nzvimbo, obva azviita nhengo, angadai akazviita zviri nyore. Hamuone here kuti zviri kufananidzirwa sei nhasi pakati pevapfumi? Paiva nevamwe.

¹¹⁴ Kwete vapfumi chete, asi varombo; vazhinji vavo vanobva kumakomba ematope, nevamwe vakadaro, vakaramba nokuda kwemukurumbira. Nokuti, Akanga asina mukurumbira. Akanga ari Imanueri. Vakati, “Ndiko kutsoropodza. Ndi—ndidhiyabhore. Kuverenga pfungwa uku. Ndi—ndiBherizebhabhu.” Vadzidzisi vemuzuva iroro, machechi avo makuru, vakati, “Hazvina maturo.”

¹¹⁵ Asi Mwari vakati, “Chiratidzo chaZiyendanakuenda, chiratidzo chepamusoro, chiratidzo chezviratidzo zvese, chekuti Mwari vanemi, kunyange mamuri, kusvika kumagumo enyika.” Hecho chiratidzo chenyu chepamusoro. Chinopfuura chiratidzo chese. Ndicho chiratidzo chekutanga. Mabasa 19, vanhu ivavo vakatozofanira kudzoka uye vocherechedza chiratidzo ichocho, vasati vatombogamuchira Mweya Mutsvene, Mabasa 19:5. Asi, ari mutendi aive neBhaibheri, uye aine muparidzi akanaka akanga achiratidza kuti Jesu ndiye Kristu, asi vasati vapinda maChiri... Uye kuti vaone chiratidzo, vakatozouya kuzobhabhatidzwazve zvakare, ndokuturikwa maoko pamusoro pavo vachizogamuchira Mweya Mutsvene. Ichokwadi.

¹¹⁶ Asi munguva yemanheru, Zviedza zviri pano. Uye Chinoshorwa. Chinoitwa dambe nacho. Chinotaurwa zvakaipa nezvacho. Muporofita akati Chichataurwa zvakaipa nezvacho, “Chigumbuso.” Chinotaurwa zvakaipa nezvacho, chinoitwa dambe nacho, chinotsoropodzwa; Imanueri matiri, achishanda kuda kwaKe kuburikidza nematiri.

¹¹⁷ Oo, nhasi, hama yangu mufambi, hanzvadzi yangu, tenda chiratidzo ichocho. Tarisa muchidyiro chemwoyo wako pachako, uone kana uchigona kutaura mukati mako. Wona chiratidzo

chakaonekwa nevafudzi. Mwari munyama, vachigara pakati pevarombo, vanoshayiwa, vakaraswa. Woono kana uchigona kuChinzwisisa. Mwari mumoyo mako, Mwari vari muno *umu*. Tarisa uone kana AkaZviratidza zvakanaka, mukutapira nemuhunoro, sezvaAkaita.

¹¹⁸ Makore mashoma apfuura, paive nemumwe musikana akaenda kukoreji, uye, nevamwe vake vazhinji ikoko, akazova munhu mudiki akachenjereso, achibva padzidziso yekumusha kwake yaakambova nayo, saamai vaive muimba yekumusha. Uye rimwe zuva akasarudza, makore maviri akatevera, kushanyira amai vake zvakare. Akavanyorera teregiramu ndokuvaudza kuti aizosvika nechitima chokuti-nechokuti, kuti azosangana navo pachiteshi. Sezvineiwo, akaunza kamwe kasikana kakachenjereso pamwe chete naye. Zvino akanga ava munhu akachenjeresawo, pachake. Uye akauya nemumwewo pamwe naye, akanga akaita semumwe wezuva rechimanje-manje asinganzwisise, muziva-zvose, wechidiki.

¹¹⁹ Zvino paakasvika pachiteshi, paakatanga kuburuka muchitima, akatarisa. Zvino havo amai vake vakamirapo, vachitarisa nezvose zviri mukati mavo, kuti vaone pakanga pane mwanasikana wavo. Zvino paya musikana waaiva naye, amai . . . akavaona nechiso chavo chizere mavanga, nemaoko avo kwese kwakatsva. Uye vairatidzika zvakashata, vakachembera, uye vachiratidzika zvinotyisa. Musikana akanga aina Mary muduku uyu, ndokuti kwaari, “Nhai ndianiko chinhu chachembera chakawunyana kudaro icho?”

¹²⁰ Zvino musikana ndokubva anyara naamai vake. Ndokuti, “Handizive. Handizive kuti ndiani.”

¹²¹ Zvino amai vake, pavakaona mwanasikana wavo, vakamhanyira kwaari ndokumumbundira, vakatanga kumutsvoda.

¹²² Akavasundira kure, ndokuti, “Handikuzivei. Mauya kune munhu asiri iye,” nekuti aisada kubatanidzwa nemunhu akadaro wekuti mumwe munhu anomuseka nekumunyomba.

¹²³ Zvakaitika kuti pakava nemumwe murume, kondakita wechitima, akanga akamira pedyo. Akabata zvakasimba mudzimai wechidiki uyu pabendekeke. Akati, “Unonyadzisa iwe, iwe chinhu chinowisa! Ndinorangarira nyaya yacho zvakanaka kwazvo.”

¹²⁴ Vanhu ndokuungana kuti vanzwe zvakanga zvaitika. Zvino ndokubata musikana uyu zvakasimba, uye akati, “Musikana wechidiki uyu, paakanga asati asvitsa mwedzi mitanhatu yekuberekwa, akanga ari pakamubhedha kake mukamuri yepamusoro. Uye amai vake vanokosha, mudzimai akanakisa kwazvo wandati ndakamboona,” akadaro kondakita mutana uyu. Akati, “Imba yakabatira moto amai vake vachiyanyika hembe. Uye vavakidzani vose vakamhanya, vachiridza mhene.

Vakanga vazviona. Mai vacho havana kumbenge vazviona. Paive padivi revheranda remba. Uye moto wacho wakanga wanyatsobatira, zvino wakanga waenda mudenga.”

¹²⁵ Ndokuti, “Vakatadza kubata mai ivavo vakanga vavhunduka. Mwana wavo akanga ari mukamuri yepamusoro.” Ndokuti, “Vese vakachema vachiti, ‘Iwe haugone kupinda nemumirazvo yemoto iyo—iyo.’ Asi vakabata jira rakanga riri muruoko rwavo, rakabva pavaidziyanika, uye rainge riri jira nyoro. Zvino vakazvimonera naro, zvino havu nemumirazvo yemoto vakapinda, uye nekumusoro, vasingafungi nezvenjodzi yavo pachavo ivo. Zvino pavakasvika ikoko, vakaziva kuti vaisakwanisa kuzviputira mujira kuti vadzokere. Asi, kuti vachengetedze runako rwemwanasikana wavo uyo aizovatevera, vakaputira mwana mujira, ndokumhanya nemumoto, nechiso chavo nezvanza nemaoko avo zviripachena. Zvino wakapisa nyama ikabva pamuviri wavo, ukasvuura matama avo kusvika pamapfupa avo, zvikaavadza, nokubvuraura vhudzi ravo rose, uye ne—ne . . . zvose kusvika pamapfupa emunwe wavo.”

¹²⁶ Akati, “Vakava vakashata, kuti iwe uve wakanaka. Vakarasiikirwa nerunako rwavo, vakarasiikirwa nezvose zvavaiva nazvo, kuti vakuponese. Zvino unomira wonyara naamai ivavo vakakosha?”

¹²⁷ Hama, pandinoona Mwari, Mwari veKudenga, vakasiya chigaro chaVo choushe, runako rwaVo, nezvose zvaVaiva; kuti vazozvarirwa pamusoro pemurwi wemupfudze, vagoputirwa mumicheka yepajoki, kuti vazosekwa nokuda kwezviratidzo zvaVo nezvishamiso zvaVo, vachizodanwa kunzi dhimoni; ndinganyara naVo here? Kwete, changamire. Regai nyika yevepamusoro vaite zvavanoda kuita. Kwandiri, ndiYe chiratidzo chepamusoro. Mweya Mutsvene uri mandiri unochema. Unogona kuita kuti ndiite zvinosekesa uye ndova munhu anopenga, nenyika ino, asi handikwanise kuMuramba Uyo akandiitira zvakawanda kwazvo. Akatora nzvimbo yangu murufu. Akatora nzvimbo yangu paKarivhari. Akaita zvinhu zvose izvi. Akazvideredza kubva Kudenga, kubva pazvigaro zvoushe zveparera zvichena, kuti ave munhu; kuzoravira kutambudzika kwangu, kupinda mumiyedzo yangu, kuti azoziva kuba murevereri wakafanira ari mandiri, kunditungamirira nokundiratidza nzira kuHupenyu Husingaperi. Uye kuburikidza nehurombo hwaKe, ndakapfumiswa. Kuburikidza nerufu rwaKe, ndakapiwa Hupenyu, Hupenyu Husingaperi.

¹²⁸ UsaMurambe. Usanyare naYe. Usanyara naYe. Asi mumbundire, uye uti, “Hongu, Ishe wangu Anodikanwa, ipai kwandiri sezvavakaita neZuva rePentekosti, Ishe. Ipai kwandiri Mweya Mutsvene. Udururirei mumoyo mangu. Handina basa nezvinotaurwa nevehidiki. Handina basa nezvinotaurwa nenyika. Handisi kutarisa kwavari. Ndiri kutarisa kwaMuri.”

Chii ichocho? Kujoinha chechi? Kwete. Chiratidzo chepamusoro, Imanueri, Mwari vanesu.

Ngatinamatei.

¹²⁹ Muungano yevanhu mangwanani ano, varipo here pano vangada kuti vati, “Kwandiri, ndinonyara nehupenyu hwangu. Handinyare naYe. Ndinonyara nehupenyu hwangu,” kupa kuna iYe Akaitwa wakashata, uye ndokuzvidzwa nenyika?

¹³⁰ “Murume wekusuwa, akazivana nemarwadzo emukati. Isu tose takavanza zviso zvedu kubva kwaAri,” akadaro muporofita. “Akazvidzwa uye akarambwa. Asi, isu takaMutora seakakuvadzwa nekurohwa naMwari. Zvakadaro, Akakuvadzwa nokuda kwokudarika kwedu, uye akaiswa maronda nokuda kwekusarurama kwedu; kurohwa kwakatiunzira rugare kwaiva pamusoro paKe, uye nemavanga aKe takapodzwa.”

¹³¹ Unganyara naYe here? Kana wakadaro, huya kuaritari utendeuke pachivi chako. Kana usinganyare naYe, asi uchinyara nehupenyu hwako hwawapa kwaAri, chinhu chakaipa kudaro. Wakanyara kakawanda, pamberi pemukuru webasa; pamberi peshamwari dzako dzechikadzi, pamberi peshamwari yako yechirume, pamberi pemusikana wako kana mukomana wako. Wanga uchinyara naYe, Imanueri achigara mauri. Simudza maoko uti, “Mwari, ndiregerereiwo nekunyara.”

¹³² Ishe wedu naMwari wedu, tinokukumbirai mukuzvininipisa uye nemunyasha zhinji kuti mugamuchire kukumbira kwedu ruregerero, mangwanani ano, nokuda kwezwikanganiso zvedu zvose, nokuti tose hedu pane dzimwe nguva tine mhosva. Tine mhosva pakumiririra Chokwadi. Tine mhosva. Pavanoda kutidaidza rimwe zita rakashata, sekuti, oo, “muumburuki mutsvene,” kana chimwe chinhu chakaipa chisiri icho, asi dzimwe nguva tinodzokera kumashure saPetro tozvidziisa hedu pamoto wemuvengi. Tiregerereiwo, Ishe.

¹³³ Gore idzva rava kusvika kwatiri. Dai tatanga kubva panguva ino, uye taona chiratidzo chepamusoro chaMwari pakati pedu, Mwari vachigara nesu, vachigara matiri, vachiita, vachiita chaizvo nezira yaVakamboita. Uye Zviedza zvemanheru zviri pano.

Tiregerereiwo pakukundika kwedu. Tiregerereiwo zvivi zvedu.

¹³⁴ Uye isu nenyasha zhinji, Ishe, tinogamuchira Chipu cheNyu cheKisimusi, Mwanakomana waMwari, kuti agare munyama yedu, guruva redu, kuti agare nesu, achichenesa nzira yaKe neRopa raKe pachaKe, uye achitipa chivimbo cheHupenyu Husingaperi. TinoKutendai. NdinoKutendai, Ishe, nokuda kweChipu chikuru chinoshamisa ichi chakabva kuna Mwari, nokuti ndiCho chipo, chipo cheMweya Mutsvene, zvese zvakaputirwa muZita raShe Jesu. Tinofara kuChigamuchira.

TinoKutendai nekuti chechi yedu inomirira chiratidzo ichocho, nokuti chiratidzo chinomirira Dzidziso yeChechi. Isu tinoChimiririra. Icho chinotimiririrawo. Uye chinozivikanwa pakati peMakristu pasi rose nhasi, vanova boka revanhu varombo, vasina chavanoziva vepa 8th naPenn Street, kuJeffersonville; kuti Imanueri, Shongwe yeMoto kubva murenje, Jesu weGarirea, Mweya Mutsvene wePentekosti, wakaratiidzwa nezviratidzo zvose zvaEmanuere muZviedza zvemanheru. Tinotenda zvikuru, Ishe. Uye dai vamwe vaChiona uye voChigamuchira. Nekuti, tinozvikumbara nemuZita raJesu, uye nokuda kwaKe uye nekuda kweChechi. Amen.

¹³⁵ Ndinoshuva kuti dai ndine inzwi remuimbi. Dai kuri kunzi ndine inzwi remuimbi izvozvi, ndingada kukuimbirai rwiyo rwangu rwandinonyanya kufarira, yakanyorwa neshamwari yangu yakakosha, William Booth-Clibborn.

Akadzika kubva mukubwinya kwaKe, nyaya
inorarama nguva dzose,
Mwari wangu naMuponesi wakauya, uye Jesu
rakava Zita raKe.

Akazvarirwa muchidyiro, kune vokwaKe ari
Mutorwa,
Mwari wekusuwa, misodzi nekurwadziwa.

O ndinoMuda zvakadini! Ndinomuyemura
zvakadini!

Hupenyu hwangu, mushana wangu, zvose
zvangu mune zvese!

Musiki mukuru akava Muponesi wangu,
Uye huzaro hwese hwaMwari hunogara maAri.

Kuzvidzikisira kwakadini, kuchitiumbira
rudzikinuro;

Apo pakati pousiku, pasina kana tariro imwe
inooneka; (Ipapo mheni yaipenya ndokuuya!)

Mwari, anokosha, munyoro, akaisa kubwinya
kwaKe parutivi,

Ndokuzvideredza kuva muchidyiro, mudanga rizere
mupfudze, kuti aberekerwemo.

Achizvideredza kuti akwezve, akunde
nekuponesa mweya wangu.

O ndinoMuda zvakadini! Ndinomuyemura
zvakadini!

Kufema kwangu, mushana wangu, zvose
zvangu mune zvese!

Musiki mukuru akava Muponesi wangu,
Uye huzaro hwese hwaMwari hunogara maAri.

¹³⁶ Uye zvino Ari mandiri, uye ini ndiri maAri. Uye mamuri. . .
“Nezuva iro, muchaziva kuti Ndiri muna Baba, Baba vari

maNdiri, neNi mamuri, uye nemi maNdiri,” Mwari, Imanueri, anesu.

¹³⁷ Akanga ari Imanueri uya akaona George Wright, agere zasi uko iye zvino; akarara ipapo achifa, apo vanachiremba vana vakamusiya. Akanga ari Imanueri uya, apo Akatokwereta chibereko, apo Akatokwereta gu—guva. Akakwereta maziso angu, akati, “Enda unoudza hama George, ‘ZVANZI NAJEHOVHA. Vachachera guva revaparidzi ivavo nezvimwe vari kuvaseka.’”

¹³⁸ Aiva Imanueri uya. Aiva mumwe chete iYeye, pamusoro pemhuka duku, pane rimwe zuva musango. Aiva mumwe chete iYeye, nezvaMargie Morgan akagara apo, nevamwe vose. Ndiye mumwe chete iYeye akakwereta hurongwa hwepfungwa, pfungwa dzemuviri, kuti aZviratidze kunyika nhasi, kuburikidza newe, apo Zviedza zvemanheru zviri kupenya. Mwari ngavave netsitsi, shamwari.

¹³⁹ Ndiri kutora nguva yenyu yakawandisa. Ngatirwuedzei. Tipeiwo kodhi yacho, “O ndinoMuda zvakadini!” Vangani vanorwuziva?

O ndinoMuda zvakadini! Ndinomuyemura zvakadini!

Hupenyu hwangu, mushana wangu, zvose zvangu mune zvese!

Musiki mukuru akava Muponesi wangu,
Uye huzaro hwese hwaMwari hunogara maAri.

[Hama Branham vanoimba mahon’era *Akadzika Kubva Mukubwinya KwaKe*—Mupepeti]

Ndinomuyemura zvakadini!

Kufema kwangu, mushana wangu, zvose zvangu mune zvese!

Musiki mukuru akava Muponesi wangu,
Uye huzaro hwese hwaMwari hunogara maAri.

¹⁴⁰ Ino ndiyo nguva yokuti Aratidze nyasha dzaKe. Amai vaunza mwana mudiki pano, ane leukemia, kenza muropa rake. Icho chakaipa chiya kumwana mucheche?

Mwari, herinoi inzwi rangu, taurai Shoko, uye zvichava sekudaro.

Nokuti, Ishe, Makati, “Taura kugomo iri, ‘Ibvapo.’ Worega kupokana. Zvichava saizvozvo.”

MuZita raJesu Kristu, Mwanakomana waMwari, ndinotsiura dhiyabhore uyu anonzi leukemia. Chirwere chemuviri wemwana uyu, chichabva. Chinofanira kumusiya. MuZita raJesu Kristu, ngazvive sekudaro.

. . . mushana wangu, zvose zvangu mune zvese!

Musiki mukuru akava Muponesi wangu,
Uye huzaro hwese hwaMwari hunogara maAri.

141 NdinoMuda zvakadini! Handikwanise kuChirega. Ndinoda, saJakobho, kubatirira paChiri.

. . . ndoMuyemura!

Kufema kwangu, mushana wangu, zvose
zvangu mune zvese!

“Ichi chichava chiratidzo.”

Musiki mukuru akava Muponesi wangu,
Uye huzaro hwese hwaMwari hunogara maAri.

142 Haashamise here? Haungonzwa here kuda kuMunamata? MuMweya bedzi, ingoMunamata. Chingozvikanganwa iwe pachako zvino. Usanyara. Mweya Mutsvene ari pano. Ndiwo Mweya Mutsvene. Zvinyoro-nyoro, nenzira yako.

Musiki mukuru akava Muponesi wangu,
Uye huzaro hwese hwaMwari hunogara maAri.

Hezvoka izvo.

Kuzvidzikisira kwakadini, kuchitiunzira
rudzikinuro; (“Chichava chiratidzo.”)

Pakati pousiku, pasina kana tariro imwe
inoonekwa;

Mwari, anokosha, munyoro, akaisa parutivi
kubwinya kwaKe, (Funga nezvaAkaita!)

Achizvideredza kuti akwezve, akunde
nekuponesa mweya wangu.

143 Ngatisimudzei maoko edu patinochiimba.

O ndinoMuda zvakadini! Ndinomuyemura
zvakadini!

Kufema kwangu, mushana wangu, zvose
zvangu mune zvese!

Musiki mukuru akava Muponesi wangu,
Uye huzaro hwese hwaMwari hunogara maAri.

144 Ishe, hatizombofi takakwanisa kunzwisisa hupfumi, huzaro hweMweya weNyu, kusvikira taMuwona pazuva iroro paAchauya. Tinogona kunge takarara muguruva. Zvinogona kuti ndozofanirwa kudzokera kuguruva repakutanga, asi izvozvo hazvizondinetsa kana napadiki zvapo. “Ndinoziva kuti Achadana, uye ndichadaira. Uye ipapo ndichaMuona sezvaAri. Muviri uyu unooru uhashandurwa waitwa kuti ufanane nomuviri waKe pachaKe unobwinya, naiwo Anogona kuisa zvinhu zvose pasi paKe.”

145 Ndichagara ndichiKutendai nokuda kwechipo cheKisimusi chaKristu mumoyo mangu, kuziva kuti ndiKristu mumwe chete, nokuti Anoita zvimwe chetezvo. Anondiita kuti ndinzwe nokuita sezvaAkaita pakutanga, kumuranda waKe.

146 Ndinotenda neChechi yepasi rose, yakakunda, yakafanotemerwa, ikadanwa, nekusimbiswa, uye yakagadzwa

kuMutumbi iwoyo. Ndinovawana muAsia, Africa, Rome, kwese-kwese, Indiana, nemumatunhu enyika, Africa. Kwese pasi rose, ndinoona Chechi iyoyo yakakunda, vanoziva kuti Makauya munyama. Uye imi makati, “Mweya wose . . .” muBhaibheri reNyu, iMi makati, “Mweya wese usingapupure izvi, mweya usiri iwo, antikristu. Mweya wese usingapupuri chinhu chimwe chete ichi, kuti Kristu akauya munyama yedu, ndiwo mweya waantikristu.”

¹⁴⁷ Mwari Baba, ndibatsireiwo ku—kukwakura mazimbe emoto ayo kunze uko. Ndiri kuaona, Ishe, kunze uko. Onai vane maperembudzi pamasuwo, tarisai mhiri kuIndia, paTaj, pasuwo, izvo zvinhu zvinonzwisa urombo zvinokambaira pasi, zvisina tsoka. Onai vakomana vatema vadiki vanonzwisa urombo vari uko kuAfrica, mawoko avo madiki akasimudzwa mudenga. Oo Mwari, nditumei, Ishe. Regai Mutumwa auye nezimbe reMoto, apise mumunhu wangu wemukati, Ishe, uye aburitse tsvina yese pamwe nekunonokera kunze, kuti ndiende se—sezimbe raMwari rinopfuta, kukwakura kubva mumoto avo vari murima gurusu.

¹⁴⁸ Ropafadzai chechi yangu duku, Ishe. Oo, ndinoona kamba aka kadiki zasi nekuno, uye ndichiona vanhu vanokosha. Vanhu vaityaira nepo vachipfuura vari mumotokari dzavo, vachivaseka, nekuti vakasimudza maoko avo mudenga, vachirumbidza Mwari. Asi rimwe zuva Jesu achauya, uye zvinhu zvose zvichagadziriswa. Hatizombonyari, Ishe. Tichabatana naPauro wekare, toti, “Handinyari neEvangeri yaJesu Kristu, nokuti Isimba raMwari reruponeso, kuHupenyu Husingaperi, kumunhu wese anotenda.” Tibatsirei kuti tirarame nenzira yangu, Baba. Tiri kuKunamatai zvino muMweya, munzvimbo dzeKumatenga. TinoKutendai nekushanya uku mangwanani ano. Muzita raJesu. Amen.

¹⁴⁹ Kamwe chete zvakare, mungadaro here?

O ndinoMuda sei! Ndino . . . (Ishe Jesu, . . .? . . .
muZita raJesu.)

. . . zvose zvangu mune zvese!
Musiki mukuru akava Muponesi wangu,
Uye huzaro hwese hwaMwari hunogara maAri.

¹⁵⁰ Uri kungoMuda zvakawedzerwa, handitika, Doe?
[Hanzvadzi Delores vanoti, “Hongu.”—Mupepeti] Ndiyo
hanzvadzi yangu, hanzvadzi yangu panyama.

O sei . . .

Muroora wangu. Vanoda Mwari zvakawedzerwa. Hama Grimsley vachiuya, vachida Mwari zvakawedzerwa.

. . . zvose zvangu mune . . .

Ndizvozvo. Hama Wood, vari kuuya. Hama Collins, muparidzi weMethodisti; mudzimai wavo, nevamwe.

. . . akava Muponesi wangu.

Aya ndiwo mabasa eMweya Mutsvene achidaidza, pachaKe.

. . .hunogara maAri.

O ndinoda zvakadini. . .

Chingozvitaura nenzira yako zvino.

. . .Ndinomuyemura zvakadini!

Kufema kwangu, mushana wangu, zvose
zvangu mune zvese!

Musiki mukuru akava Muponesi wangu,

Uye huzaro hwese hwaMwari hunogara maAri.

¹⁵¹ Ishe, Ishe, heanoi pano, makwai emafuro eNyu. Vadyisei, Ishe, paMweya weNyu. Vari kuzvipira kwaMuri, Ishe. Vari kutsaurira hupenyu hwavo kwaMuri. Vakamira nekuti havanyare neEvangeri yaJesu Kristu. Tinoziva kuti Muri pano, Shongwe yeMoto huru, Kristu, Mweya Mutsvene.

. . .Muyemurei!

Kufema kwangu, mushana wangu, zvose
zvangu mune zvese!

Musiki mukuru akava Muponesi wangu,

Uye huzaro hwese hwaMwari hunogara maAri.

¹⁵² Chingotaura nemashoko ako pachako zvino. Ndiwo Mweya Mutsvene wakuunza pano. IngoMuudza kuti unoMuda. Mweya Mutsvene mumwe chete wakavamutsa paPentekosti, wakamira pano uchichema, uchiungudza, uchifara.

Musiki mukuru akava Muponesi wangu,

Uye huzaro hwese hwaMwari hunogara maAri.

Pasina zvekumakidzwa, nyama neropa
zvakava iYe, (Mwana mudiki ari
mumudzimai.)

Akatora chimiro chemunhu, akazarura zano
rakavanzwa.

Oo chakavanzika chinobwinya, Chibairo
cheKarivhari,

Uye zvino ndave kuziva kuti ndiMi uya
“NDIRI” mukuru.

O ndino. . .(O Mwari!) Ndinomuyemura
zvakadini!

Kufema kwangu, mushana wangu, zvose
zvangu mune zvese!

Musiki mukuru akava Muponesi wangu,

Uye huzaro hwese hwaMwari hunogara maAri.

¹⁵³ O rudo rwusingandiredze, rudo rwunobata moyo wangu kupfuura chero chinhu, kutapira kweHupo hweMweya Mutsvene; apo chechi yaKe yakamira yakakomba aritari, ichiyemura, yakatarira muchidiro, ichiona chinhu chimwe chete chakaonekwa navachenjeri, Mwari akaitwa nyama.

... akava Muponesi wangu,
Uye huzaro hwese hwaMwari hunogara maAri.

¹⁵⁴ Kana paine chero chakaipa muhupenyu hwako, chireurure iye zvino muHupo hweMweya Mutsvene, murunyararo. Tarisa mumoyo mako, ona kana muine chidziro imomo chinogona kumisidzana nekutsoropodzwa, pakupupura kwako kuti iYe ndiMwari.

... huzaro hwese hwaMwari hunogara maAri.

¹⁵⁵ Misoro yenyu yakakotamiswa zvino, ingoita munamoto, iwe pachako. Uyu ndiMweya Mutsvene. Haunzwi here hunyoro nekupfava kweMweya waMwari, kutapira, Hupenyu husingaperi?

¹⁵⁶ “Pane ndimi, dzichaguma. Pane chiporofita, chichakundika. Pane zivo, ichakundika. Asi kana rudo rwauya, rwunogara nekusingaperi.” “Rudo rwune moyo murefu. Harwuzvikudzi. Harwuzvitutumadze. Harwuzvibate zvisizvo, zvisina kufanira. Asi Rwunotinipisa, rwunoita kuti titapire, rwunoisa kutapira mumunhu wako wemukati.”

¹⁵⁷ Ngatinamatei zvino, mumwe nemumwe nenzira yako, uchitenda Mwari nezvaVaita.

¹⁵⁸ O Ishe, mukutapira kwerwiyo urwu, rwuchitaura nemaridzirwo, harwusi ruzha rwusinganzwisike, asi ruzha rwunoreva, kwatiri, kuti Mwari wedu ndiAni, sekutaurwa kwazvaitwa neShoko. Iye zvino mumhanzi unozviratidza. Iye zvino moyo yedu inozviratidza, Ishe, maonero edu kwaMuri. Tauya pamberi. Vakamira netsoka dzavo. VanoKudai. Pamwe chete, Ishe, takamira semakwai eNyu, makwai emafuro eNyu. Tinoda Chikafu ichi, Chakanakira mweya yedu. Uye tinoziva kuti Mwari vanogara nesu. Tinoziva kuti Mwari vakadururirwa muna Kristu, uye Kristu akadururirwa muChechi.

¹⁵⁹ Uye hezvinoini takamira nhasi, apo marudzi ose ezvinamoto, nemarudzi ose e—emasangano nezvikamu zvacho, mhando dzose dzezvitendwa, asi zvakadaro Shoko richizviturira pachaRo, Mwari vachiratidzwa. Chiratidzo chepamusoro chekuti Mwari vachiri kuratidzwa munyama yevanhu vaVo, vachiita zviratidzo nezvishamiso zvimwe chete, vachionekwa nomuchimiro cheGore, Shongwe, vagere pakati pedu, vachinzvera moyo yedu, vachifanotiudza zvichazouya, vachipodza hurwere hwedu, vachinyatsotiita avo vari kuenda Kudenga zvekuti tinotadza kuzvibata pachedu. Kusvikira, tinoita zvinhu zvisinganzwisike, kuvana venyika; vanomirapo sei uye vachiseka, uye vachifunga kuti tinopenga, sezvavakaita paPentekosti, vachiti, “Vose ava havana kudhakwa here?”

Asi ndinoMuda zvakadini! NdinoMuyemura zvakadini!

Kufema kwangu, mushana wangu, zvose zvangu mune zvese!

Musiki mukuru akava Muponesi wangu,
Uye huzaro hwese hwaMwari hunogara maAri.

¹⁶⁰ Unosimudza maoko ako zvino here kupa chitsidzo chekutenda kwako muna Mwari, mhiko dzako kuna Mwari, kutendeka nechokwadi chako kuna Mwari, chechi yose?

¹⁶¹ Isu zvino, Ishe, tinozvipa kwaMuri, mushure meropafadzo rekuratidzwa kweHupo hweNyu, kuziva kuti Mwari vachiri kuratidzwa munyama yedu. Vakava guruva redu, vakava verudzi rwedu; Vakazviyambutsa pachaVo vachibva pakuva Mwari kuti vave munhu, kuti munhu ararama maVari. Uye taKunzwai mangwanani ano, mumweya yedu. Tinoona mabasa eNyu nekuratidzwa kweNyu. TinoKudai. Tinozvitsidzira patsva kwaMuri: kuKukudzai, kuKudai, nekuita zvese zvatinoziva kuitwa kwacho, zvingave zvinozofadza, kurarama hupenyu hwakaita sehweMakristu, husingazounzi kushorwa, asi huchava ropafadzo kuZita reNyu guru Dzvene. Izvi tinozviita, Ishe, sevana veNyu, nemuZita raJesu Kristu. Amenii.

¹⁶² Ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu musati matora chigaro chenyu. Makambonzwa chinhu chinotapira sekudaro here? Kutapira kweMweya Mutsvene! Pasina anotaura shoko rimwe; kungosimuka wega, uchiuya kumberi. Kubwinya kwaMwari! Maona?

¹⁶³ Ndanga ndichinamata nekunzvera, mazuva maviri, pane izvi. Kudarika ipapo. Kubva Svondo yapfuura, kana yekupedzisira, hangu, Svondo.

¹⁶⁴ Kuti Chiratidzo chepamusoro ichi, kuti Mwari vakati, “Ndichavapa chiratidzo. Ini ndichava munyama yavo. Ndichafanana navo; ivo vachafanana neNi.” Vakati Ngirozi tarisai. Kana kuti vakati. . . Ngirozi dzakati kuvafudzi, “Tarisai muchidyiro, muchaona zvaNdiri kureva.” Chiratidzo ichocho chakanga chisingori cheNgirozi chete. Chakanga chisingori chevafudzi chete. Ndechenyika yese, kuti ione nokutenda kuti Mwari vanogara munyama.

¹⁶⁵ Uye kuburikidza nechipiriso cheniyama iyoyo, Akachenesa nyama yedu, kuti Azogara mukati medu. Mwari mamuri. Kristu mamuri. “Tarirai, ndinemi nguva dzose, kusvikira pakuguma kwenyika.” Musakanganwa izvi. Zvichengetei mumoyo yenyu.

¹⁶⁶ Ndakagamuchira zvipo zvakanaka zvikuru kwazvo zveKisimusi, kamera yemabhaisikopo, nezvimwe zvinhu zvakawanda, pfuti nezvimwewo, izvo vanhu vanondida, vakandipa. Ndinozvitenenda zvakadii!

¹⁶⁷ Asi, oo, uhwu, uhwu Hupenyu Husingaperi, chivimbo chakaropafadzwa chekuti Kristu anorarama matiri, kuti huzaro hwaKe hunogara matiri, hunotiita kuti tisimuke uye tiite muitiro wakasiyana. Nekuti, iwe, paunozviita, unobva wava mupoteri kuzvinhu zvenyika. Unova mufambi. Unozviona wakafa kuzvinhu zvenyika, uye uchirarama muhupenyu hutsva. Zvino

uri mutorwa munyika. Iwe uri mutorwa nekuti wakapupura pachena, nemaitiro ako, kuti, “Kune Guta iro Muvaki neMuiti waRo ndiMwari.” Maona? Uye hausisina hanyin’a nezvinhu izvi zvenyika, asi isu tiri vanhu vari kuenda kuDenga vari kutsvaga Guta iroro Muvaki neMuiti waRo. . . raMwari. Tiri Mbeu yaAbrahama nokuti takatenda kuna Ishe Jesu Kristu, uye takafa kuzvinhu zvenyika, uye takamutswa zvakare murumuko rwekufanana naYe; kufamba sezvakaita Abrahama, tichitsvaga Guta rinouya, tichitora Shoko raMwari, tichidana zvimwe zvose kuve zvinopesana, kuvaraidza ngirozi mumusha medu, sezvakaita Abrahama, vatumwa vaMwari, vakaunza shoko. Oo, inguva yakadini! Tichitaura kuti hatichadi zvimwe zve zvenyika. Tinoda iYe, uye iYe oga. Ndiye Muponesi wedu.

168 Pamuchafamba kubva muchivakwa chino mangwanani ano, Mutorei pamwe nemi. Musambofa makaChirega chichienda. Iva unotapira mumoyo mako, mazuva ose ehupenyu hwako. Mwari vakuropafadzei zvino muchienda kuzvigaro zvenyu, uye vana vane zvipo zvavo. Mwari vakuropafadzei.

169 Chiri kuda kunamatirwa here? Vabatsirei vauye nepano apa, hanzvadzi. Tiri kuzonamata.

Ishe Mwari ivai nenyasha kuhama iyi. Bvisai mweya wekudhakwa pavari, Ishe. Ngaadhakwe neWaini itsva yaMwari. Muzita raJesu Kristu. Amen.

170 Hazvina kungoita seKudenga here izvi? Vangani vari kunzwa kudaro, izvi bedzi, kamwe kakungotapira? Hapana anoziva zvekutaura. Ini hapana chandinoziva chekutaura. Ndiri kungo—ndiri. . . Ndiri kushaiwa mashoko. Ini—ini handizivi zvekutaura. Ungori Mweya waKe uri kungofamba mandiri, maona.

171 Chii ichocho? Mave kuva makwayana, uye neNjiva iri pano kuzokutungamirirai kuChikafu chegwayana, Chikafu chemakwai. *Ich*i Chikafu chemakwai, “Munhu haangarami nechingwa chete, asi neShoko rimwe nerimwe rinobva mumuromo maMwari.” Mweya yedu inorarama naiRoro.


172 Ndinofunga zvino ndinofanirwa kuzoona shamwari yangu yakanaka, Gweta Robinson, kana mukangomirira pachivakwa kwechinguva kusvikira ndachinja hembe dzangu, ndozodzoka, nekuti ndadikitira kwazvo.

173 Hama Neville vachatora shumiro zvino, kuitira—kuitira zvipo zvevana. Ishe vakuropafadzei.

174 Imbai nguva dzose *Akadzika Kubva Mukubwinya KwaKe*. Pamunodaro, rangarirai zvatintenda maAri, “Huzaro hwese hwaMwari hunogara maAri.”

Mwari vakuropafadzei, Hama Neville.

175 [Hama Neville vanotaura kuna Hama Branham—Mupepeti] Ehe, kana muchida kuti ndidaro. [“Hongu.”]

¹⁷⁶ Hama Neville vandikumbira kana ndingadzoka manheru ano, zvakare, kuzoparidza manheru ano zvakare. Handifarire kutora shumiro yavo. Asi ndiri pano, ndizvo zvandiri pano kuti ndiite. Zvakanaka, ndichadzoka manheru ano, Ishe vachitendera, kuti nditaure mushumiro. 

CHIRATIDZO CHEPAMUSORO SHO59-1227M
(A Super Sign)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani, Zvita 27, 1959, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2022 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org